


NaMutungamiri Thomas S. Monson



Kukurumidzisa Basa

Unocherechedza here kuti Chechi yakadzorerwa yakanga vava namakore makumi mapfumbamwe nemasere isati yava nemasiteki mazana? Asi mushure memakore asingasviki makumi matatu, Chechi yakanga yaronga chikamu chechipiri chayo chemasiteki zana. Uye makore masere chete mushure maizvozvo Chechi yakanga yava nemasiteki mazana matatu. Nhasi tava masiteki anopfuura zvuru zvitatu.

Sei kukura uku kuri kuitika nokukurumidza kwakadaro? Ndokuda here kwekuti tavakunyanya kuzivikanwa? Ndokuda here kwekuti tine machechi akanaka?

Zvinhu izvi zvakakosha, asi chikonzero chekukura kweChechi nhasi ndechekuti Ishe vakataura kuti ichakura. MuDzidziso neZvibvumirano, Vakati, “Tarisai, ndichakurumidzisa basa rangu munguva yaro.”¹

Isu, sevana vemweya vaBaba vedu Vokudenga, takatumwa panyika panguva ino kuitira kuti tigokwanisa kutora chinhanu mukukurumidzisa basa guru rino.

Mukuziva kwangu, Ishe havana kumbotaura kuti basa Ravo rinongoitwa muupenyu huno chete. Panokudaro, basa Ravo rinosanganisira kusingaperi kose. Ndinobvuma Vari kukurumidzisa basa Ravo munyika yemweya. Ndinobvumawo kuti Ishe, kuburikidza nevaranda Vavo ikoko, vari kugadzirira mweya yakawanda kuti itambire vhangeri. Basa redu ndere kutsvaka vakafa vedu uye zvino toenda kuteemberi tonoitwa zvisungo zvinoera izvo zvinozounzira avo vari seri kwechidzikatidzo mikana mimwecheteyo yatinayo.

Mutendi weMazuva Ekupedzisira wese wakanaka ari munyika yemweya ane basa raari kuita, vakadaro Mutungamiri Brigham Young (1801–77). “Chii chavari kuita ikoko? Varikuparidza, kuparidza nguva dzose, uye kutigadzirira nzira yekuti tikurumidzise basa redu mukuvaka matemberi pano uye nokumwewo.”²

Zvino, basa renhoroondo yemhuri harisi nyore. Kune avo venyu vanobva kunyika dzekuma Scandinavia, ndinonzwirana nemi mukunetsekana kwenyu. Somuenzaniso, pakati pemadziteteguru angu echiSwedish, zita rasekuru vangu raiva Nels Monson; zita rababa vavo rakanga risiri Monson zvachose asi raiva Mons Okeson. Zita rababa vaMons raiva Oke Pederson, uye zita rababa vaOke raiva Peter Monson —kudzokera kuna Monson zvakare.

Ishe vanotarisa iwe neni kuti tiite basa renhoroondo yemhuri yedu zvakanaka uye neushingi. Ndinofunga kuti chinhu chokutanga chatinofanira kuita kana tichida kuita basa redu zvakanaka ndechekuva neMweya waBaba vedu Vokudenga uinesu. Apo patinorarama zvakarurama semaziviro atinoita mararamiro atinofanira kuita, Vanozovhura nzira yokuzadzikiswa kwemaropafadzo ayo atinotsvaka nemwoyo wose uye neushingi.

Tichaita zvikinganiso, asi hapana wedu unokwanisa kuva nyanzvi mubasa renhoroondo yemhuri asina kutanga ari mudzidzi asina ruzivo. Naizvozvo, tinofanira kuita basa iri neushingi, uye tinofanira kugadzirira kusangana nezvinetso apo patinenge tichiita kudaro. Iri harisi basa

riri nyore, asi Ishe vakaripa kwamuri imi mese nhengo dzechechi uye Vakaripa kwandiri.

Apo paunoita basa renhoroondo yemhuri, uchazviwana uchisangana nezvinetso zvinokudzivirira kuenderera mberi nebaso iri, uye uchazozviudza kuti, “Hapana zvimwe zvandichakwanisa kuita.” Apo paunosvika pakudaro, gwadama nemabvi ako uye kumbira Ishe kuti Vavhure nzira, uye Vanozokuvhurira nzira. Ndinopupura kuti ichi ichokwadi.

Baba Vokudenga Vanoda vana Vavo vari munyika yemweya samadiro aVanoita iwe neni. Maererano nebaso rokununura vakafa vedu, Muporofita Joseph Smith vakati, “Uye zvino apo zvinangwa zvikuru zvaMwari pazviri kukurumidza kusvika pakubudirira kwazvo, uye zvinhu zvakataurwa nezvazvo muHuporofita zviri kuzadzikiswa, apo umambo hwaMwari pahuri kumiswa panyika, uye hurongwa hwakare hwezvinhu pahuri kudzororwa, Ishe vakataridza kwatiri basa iri nemukana wakanaka uyu”³

Maererano nemadzitateguru edu akafa asina ruzivo rwevhangeri, Mutungamiri Joseph F. Smith (1838–1918) vakataura kuti, “Kuburikidza nekuedza kwedu takavamiririra ngetani dzavo dzeusungwa dzinodonha kubva pavari, uye rima rakavakomberedza rinobva, kuitira kuti chiedza chigopenya pavari uye vachanzwa munyika yemweya nezve basa ravakaitirwa nevana vavo pano, uye vanozofara nemi mukuita kwenyu mabasa aya.”⁴

Kune mamiriyoni nemamiriyoni avana vemweya vaBaba vedu Vokudenga vasina kumbonzwa zita raKristu vasati vafa nokuenda kunyika yemweya. Asi zvino vakadzidziswa vhangeri uye vakamirira zuva iro iwe neni ratichatsvaga nhoroondo inodikanwa kuzarura nzira kuitira kuti tigokwanisa kuenda muimba yaIshe nokunovaitira basa iro ivo pachavo ravasingakwanisi kuita.

Mabhuratha nemasisita ngu, ndinopupura kuti Ishe vachatiropafadza apo patinotambira nokuzadzikisa basa rakaoma iri.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Funga nezve nyaya yaunonyanya kufarira kubva munhoroondo yemhuri yako uye goverana nyaya iyi naavo vaunoshandira. Ungangoda kushandisa mibvunzo iri muchikamu chevana cheShoko raVatungamiri

Vokutanga (peji 6) kukurudzira avo vaunoshandira kuti vagovere nyaya dzavo. Funga kuverenga Dzidziso neZvibvumirano 128:15 uye kukurukura kukosha kwekuita zvisungo zvemutemberi takamiririra madzitateguru edu.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Dzidziso neZvibvumirano 88:73.
2. *Teachings of Presidents of the Church: Brigham Young* (1997), 280.
3. *Teachings of Presidents of the Church: Joseph Smith* (2007), 409.
4. *Teachings of Presidents of the Church: Joseph F. Smith* (1998), 247.

VECHIDIKI

Ndingakwanisa here kufarira kuita gwashamazwi?

NaEmma Abril Toledo Cisneros

Ndakatora chinhanu muchinangwa chesiteki yedu chokuita gwashamazwi remazita zvuru makumi mashanu. Pakutanga zvakanga zvakaoma. Panguva dzakawanda chikamu chemazita chandaiburitsa kubva mukombuyuta chaiva nerunyorero rwainetsa kuverenga, uye dzimwe nguva ndaida kuchidzorera uye ndoburitsa chimwe chikamu chakasiyana. Asi zvino ndakaona kuti kana munhu wese akafunga zvakadaro, zvikamu zvezvazvo zvaizosiwa kusvikira kwekupedzisira. Ndakafunga mitsetse yakawanda yevanhu vakamirira munyika yomweya, uye ndikasarudza kuramba ndichiedza kuverenga mazita iwayo uye nokuanyora ndisingakanganisi.

Ndakadzidza kuva nerudo kuvanhu ivavo. Ndakanzwisisa kuti chokwadi vaida rubatsiro, uye kuti taidawo rubatsiro kubva kwavari. Ndakasvika pakunzwisisa kurinani kwekuti chirongwa chaBaba Vokudenga chakarurama chinofunga nezve munhu wese. Apo patinotevera femero nerairo yevatungamiri vakasarudzwa Vavo, tinozopupura tsitsi Dzavo nerudo Rwavo rusinamugomo.

Kuita gwashamazwi kwakava chiitiko chakanaka zvikuru kwandiri. Ndakadzidza kukoshesa nokuda zvinhu zvakawanda pamusoro penhoroondo yemhuri. Ndakawanawo zvipo zvakakosha zvikuru kubva kuna Ishe wedu nokuteerera kuchimwe chinhu chakareruka sekutora chinhanu mukuita gwashamazwi.

Munyori wenyaya anogara muVeracruz, Mexico.

Ziva Nyaya dzeNhorondo yeMhuri Yako

Vabereki, vanasekuru naana mbuya vako vakava nezviitiko zvakawanda —zvinosanganisira zvimwe zvausingambozivi nezvazvo! Dzimwe dzenyaya dzavo dzinoita kuti useke, uye dzinokwanisa kukubatsira kuva nerutendo muna Baba Vokudenga. Asi nyangwe vanhu vakuru vanonzwa kunyara dzimwenguva. Shandisa mibvunzo iyi kuti uvabatsire kurangarira dzimwe dzenyaya dzavo dzavanonyanya kuda uye nyora pasi kana kutara mifananidzo yemhinduro dzavo.

1. Ndiudzei nezve ndangariro dzenyu nhatu dzamafara zvikuru.
2. Ndeipi nguva yenyu yakanyanya kukunyadzisai?
3. Ndiudzei nezve zuva randakazvarwa.
4. Zvii zvamaifarira kuita apo pamaiva mudiki?
5. Makawana sei uchapupu hwenyu hwevhangeri?

© 2014 neIntellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 6/14. Mvumo yedudziro: 6/14. Dudziro ye*First Presidency Message, June 2014*. Shona. 10866 731



Basa Dzvene raJesu Kristu: Mutariri

Nemunamato dzidza shoko rino uye tsvaga kuziva zvekugovera. Kunzwisisa upenyu nebasa reMuponesi zvinowedzera sei rutendo rwako maAri nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda kuwww.reliefsociety.lds.orgreliefsociety.lds.org.

Ichi chikamu chezvitevedzano zvezvinyorwa zveMashoko eDzidziso dzeKushanyirana zvinopa zvimwe zvikamu zvebasa reMuponesi.

Apo patinotaririra vamwe, tinova vateveri vechokwadi vaJesu Kristu, uyo akamisa muenzaniso kwatiri. Mutungamiri Thomas S. Monson vakati : “Takakomberedzwa neavo vane zvidikanwi. . . .Tiri mako aIshe pano panyika, tinerairo yekushandira nekusimudza vana Vavo.”¹

Linda K. Burton, mutungamiri wepasi rose weChita choRubatsiro akadzidzisa kuti: “Nokudzidzira, mumwe nemumwe wedu anokwanisa kunyanya kuva seMuponesi apo patinenge tichishandira vana vaMwari. Kutibatsira [kutaririrana] zvirinani, ndinoda kupa mazwi mana okurangarira : “Tanga wongororora, zvino woshandira.” . . .Apo patinodaro, tinenge tichichengeta zvizvumirano, uye kushandira kwedu, sezvakaita kwa-Mutungamiri Monson, kunozova umboo hweudzidzi hwedu.”²

Tinokwanisa kunamata magwanani oga oga kuti tizive mikana yokushandira vamwe. “Baba Vokudenga vanozokutungamirira, uye

ngirozi dzinozokubatsira,” akadaro David L. Beck, mutungamiri wepasi rose weVakomana Vechidiki. “Unozopiwa simba rokuropafadza upenyu nokununura mweya.”³

Kubva muMagwaro Matsvene

Mateo 20:25–28; 1 Nifai 11:27–28; 3 Nifai 28:18

Kubva muNhorondo Yedu

Pamusangano mukuru wepasi rose waGumiguru wa1856, Mutungamiri Brigham Young (1801–77) vakataura kuti vaparuri vezviko-chikari zvemaoko vakanga vachiri kufamba nemumapani kuenda kuUtah uye kuti munhu wese aifanira kubatsira kuvaunganidzira zvokudya nezvokushandisa pakarepo. Lucy Meserve Smith akanyora kuti madzimai “Akafekenura masiketi emukati avo, masvokisi avo, nezvimwe zvose zvavaikwanisa kupa, ipapo chaipo paTabanekeri, uye vakazviisa muzvikochikari.”

Apo vaparuri vakanga vanunurwa ava pavakatanga kusvika muSalt Lake City, Lucy akanyora, “Handina kumbowana . . . Rufaro rwakapfuura irworwo mubasa ripi zvaro randakaita muupenyu

hwangu, nokuti paiva nekunzwa kukuru kwekubatana pakati pevanhu. Ndaingofanira chete kupinda muchitoro uye ndotsanangura zvadaida kuitira kubatsira vaparuri vakanga vanunurwa; kana waiva mucheka, waiyerwa wohekwa uye wopiwa kwandiri pasina mutengo.”⁴

Mutungamiri George Albert Smith (1870–1951) vachitaura nezvo kutaririra vamwe vakati: “Rufaro rwekusingaperi rweyu ruchazoerwa maererano nenzira yatinozvipira kubatsira vamwe.”⁵

Funga Izvi

1. Munamato ungangamirira sei kuti tive midziyo mumaoko alshe?
2. Kutaririra vamwe kungatibatsira sei kuchengeta zvizvumirano zvedu?

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Thomas S. Monson, “What Have I Done for Someone Today?” *Liahona*, Mbudzi 2009, 86.
2. Linda K. Burton, “First Observe, Then Serve,” *Liahona*, Mbudzi. 2012, 78, 80.
3. David L. Beck, “Your Sacred Duty to Minister,” *Liahona*, Kubvumbi 2013, 56.
4. Lucy Meserve Smith, mu*Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 36–37..
5. George Albert Smith, in *Daughters in My Kingdom*, 77.